# BALALAR ÁDEBIYATÍNDA BALÍQSHÍLÍQ TARAWÍNA TIYISLI OBRAZLARDÍŃ LINGVOKULTUROLOGIYALÍQ ANALIZI

**Nuranova S.G.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti tayanısh doktorantı*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15688999**

Házirgi dáwir lingvistikasında til hám mádeniyat múnásibetlerin úyreniw lingvokulturologiyadaǵı áhmiyetli máselelerden sanaladı. Bunda ásirese balalar ádebiyatındaǵı qollanılǵan milliy obrazlar, kásip-ónerler hám qorshaǵan ortalıqqa tiyisli súwretler menen belgili bir xalıqtıń tariyxı, milliy mádeniyatı, qádiriyatları hám turmıs tárizi haqqında kóplegen maǵlıwmatlardı óz ishine jámleydi. Hár bir xalıqtıń milliy tiliniń tazalıǵı hám ósip rawajlanıwı eń dáslebinde balalar ádebiyatınıń rawajı menen sózsiz baylanısta dep oylaymız. Sebebi balalar ádebiyatı balalardıń til baylıǵı kúshli, ruwxıy dúnyası bay, logikalıq oylawı ozıq, óz ana tiline tereń húrmet hám tuwılǵan eline sadıqlıq ruxwta tárbiyalanıwında áhmiyetli rol oynaydı.

Tildiń maqseti tek ǵana qarım-qatnas quralı ǵana emes, sonday-aq xalıqtıń milliy ózliginiń, qádriyatlarınıń aynası sıpatında xizmet etedi. Bul tezisimizde qaraqalpaq balalar ádebiyatında súwretlengen balıqshılıqqa tiyisli obrazlardı lingvokulturologiyalıq jaqtan analiz qılamız. Tezisimizde keltirilgen mısallar járdeminde qaraqalpaq xalqı ádebiyatındaǵı jazba hám awızeki derekler tiykarında balıq obrazınıń semantikalıq júklemesi, mádeniy konnotaciyası hám xalıqtıń dúnya qarasındaǵı áhmiyetin kórsetip beriwdi maqset ettik. Balalar ádebiyatı ósip kiyatırǵan jas áwladtıń sanasında til, mádeniyat hám etika principlerin ózlestiriwde áhmiyetli sanaladı. Ádebiy tekstler tili balalarǵa ańsat hám qolaylı etip beriledi. Olar kúndelikli turmıs waqıyalıqların, miynet iskerliklerin, aqılıy-kritikalıq oylawdı asırıw sıyaqlı maqsetlerdi óz ishine qamtıydı. Bul baǵdarda qaraqalpaq tilshi alımları nátiyjeli ilimiy jumıslar alıp barmaqta. Solardan tilshi ilimpaz A.M. Qálenderova “Házirgi dáwir qaraqalpaq balalar folklorı: Janr evolyuciyası” atlı monografiyasında tómendegi balalar qosıqları boyınsha óziniń ilimiy talqılawın kórsetedi. Dáslepki qosıq “Há túyeler, túyeler” bolıp esaplanadı.

Há túyeler, túyeler,
Duzıń qayda túyeler,
Balqan tawdıń basında,
Balıq oynar tusında.

Alım qosıqtaǵı “Balqan taw”, “balıq” terminlerine óziniń kóz qarası boyınsha qunlı maǵlıwmatlardı tómendegishe atap ótedi. “Balqan - bul Káspiy teńiziniń shıǵıs

tárepindegi yarım ataw bolǵan hám ilimpaz arxeologlar bul jerlerdi b.e.sh. V-III ásirlerde qaraqalpaqlardıń balıqshılıq penen shuǵıllanǵan mákánlarınıń biri degen maǵlıwmattı beredi. Al, qosıq qatarlarında keltirilgen duz bolsa Ústirtten shıǵatuǵın qarawımbet duzı bolıp, xalqımız sonnan paydalanǵan" - deydi.

Bunnan kelip shıǵıp, *"Balqan taw"* geografiyalıq toponimi ekologiyalıq-mádeniy komponent retinde xizmet etip, sol jerlerde ata-babalarımız qonıs basıp, balıqshılıq kásibi arqalı kúneltkenligin, *"balıq oynar tusında"* qatarları menen balıqtıń orasan kópligin, suwdıń tasqınlıǵın, xalıqtıń párawan turmısın sáwlelendirip tur degen uǵımǵa kelemiz. Soǵan qosımsha qaraqalpaqlardıń áyyem zamannan shuǵıllanǵan kásibi balıqshılıq, duzshılıq (sawdagerlik) ekenligi kórkem poetikalıq qatarlarda óz kórinisin tabadı.

Dál usı qosıq boyınsha tilshi ilimpaz I. Qurbanbaevtıń avtorlıǵında baspada jarıq kórgen "Qaraqalpaq balalar ádebiyatı: Pedagogikalıq oqıw orınlarınıń talabalarına arnalǵan sabaqlıq" miynetinde:

…Qamshısın kólge tasladım,

Kól balıǵın berdi. [27-bet] degen qatarlar arqalı xalqımızdıń miymandoslıq, aqkewillilik sıyaqlı aǵla pazıyletlerin sıpatlaydı -dep aytıp ótedi.

Usı qosıq ilimpaz S.J. Bawatdinova avtorlıgındaǵı "Qaraqalpaq balalar folklorınıń lirikalıq túrleri" oqıw qollanbasında-

"Kól balıǵın berdi,
Balıǵın bazarǵa sattım.
Kóplegen aqsha taptım",

-degende variantı bar ekenligin, ol balalardı miynetsúygishlikke iytermelep, qosıq qatarları ulıwma insanıylıq sezimler, qádiriyatlar, dúnyanı kórkemlep súwretlewde emociyalıq usıldan sheber qollanılǵanlıǵına názer awdaradı.

Bunnan tısqarı "Túlkishek" qosıǵı balalar tilinde belgili qosıqlardan biri.

-Ushar-ushar qusı bar,
Ushıp ketti hawaǵa,
Qaytıp tústi dáryaǵa,
Dárya suwın qurıttı,
Aq shabaǵın shiritti.

A.M. Qálenderova miynetinde bul qosıq qatarları dóreliwi qaraqalpaq xalıqnıń Xiywa xanlıǵı hám qazaq xalqınıń Táweke xanlıǵında XVII-XVIII ásirdiń baslarında bolǵan táriyxıy waqıyalar menen baylanıslı payda bolǵan degen pikirlerdi bildiredi. Sonday -aq, A.Qálenderova aytıwınsha, bul qosıqtaǵı Túlkishek adamnıń atı, qaraqalpaqlardıń basshılarınıń biri bolıp, jurtqa dushpan bastırıp keliwinen aldın

másláhátke baratırǵanda payda bolǵan hám jolda bir hayal shıǵıp, arab-parsı tilinde soraw-juwap aytıs retinde dórelgen eken.

I.Qurbanbaev bolsa, qosıqtıń qurılısı dáslep bala hám túlkishek arasında dramalıq aytıs-juwap retinde baslanıp, izi qandayda bir tariyxıy hám sıqaqlawshı waqıyalardan xabar beriwshi qatarlar menen juwmaqlanatugınlıǵı haqqında xabar beredi.

Ilimpaz S. Bawatdinova bul qosıq qatarların balalarǵa jetkeriwde kóbinese zamanagóy illyustraciya-kórgizbelilik usıllar arqalı jetkeriwdi alǵa qoyadı. Ol qosıqtaǵı hár bir qatar balalardıń dıqqatın jámlew ushın kóterińki stil qollanılıp, ruwxıy jaqtan tásirlendiriwshi kúshke iye degen pikirdi usınadı.

Álbette bul pikirlerdiń hárbiri óz tastıyıqlawları menen keltirilgen, ilimiy, ámeliy áhmiyetke iye. Sonı da aytıp ótiw orınlı "Túlkishek" qosıǵında keltirilgen hárbir qatar hám ondaǵı sózler tereń filosofiyalıq talqılanıwǵa arzırlı. Qosıqta balıqshılıq kásibi haqqında da sóz keltiriledi, yaǵnıy *"dárya"*, *"aq shabaq"* sózleri qollanılıwı negizinde xalıqtıń suwlı aymaqlarda jasaǵanlıǵınan derek bermekte. Qosıqta aq shabaq balıq túri tilge alınıwına qaraǵanda, ol keń tarqalǵan balıq túri bolǵan degen pikirge kelemiz.

Sonıń menen birge xalqımız arasında keńnen tarqalǵan "Shaǵala" qosıǵındaǵı tómendegi qatarlardıń mazmun mánisin talqılaw da aktual bolıp esaplanadı.

Shaq-shaǵala, shaǵala,
Kóldiń boyın jaǵala,
Uzın suwda balıq bar,
Ala almaysań shaǵala.

-degen qosıq qatarları da xalqımızdıń ázelden teńiz, kól boyın jaǵalap kún keshirgenliginen, balalardıń da ata-babalarımızdan beri jasap kiyatırǵan balıqshılıq kásiptiń sırların tereńnen bilip, er jetip atırǵanlıǵınan derek beredi degen pikirlerdi keltiredi A.M. Qálenderova.

Bul qosıqtıń mazmun maqsetin I. Qurbanbaev óz sholıwında, qosıqtıń ballardıń sana-sezimin ósiriwge, haywanlardı aytıstırıw arqalı balalarǵa haywanlardıń túr-sıpatın, ádetin, qılıqların uqtırıwǵa, bir-birinen ayırıp tanıwdı úyretiwge baǵdarlanǵan deydi.

Juwmaqlap aytqanda, balalar ádebiyatı hám ondaǵı jámlengen derekler xalqımızdıń eski hám bay qádiriyatların sáwlelendiredi. Biz joqarıda analizlep shıqqan "Há túyeler,túyeler", "Shaǵala" hám "Túlkishek" qosıqlarınıń mazmun maqseti, kórkem qosıq qatarlarında orın alǵan balıqshılıq kásibine tiyisli atamalardıń

semantikalıq konnataciyası hám qaraqalpaq lingvokulturologiya ilimindegi milliy mentalitetlik, tariyxıy áhmiyetlerin salıstırıp úyrendik.

**Ádebiyatlar:**


1. Bawatdinova S.J., Qaraqalpaq balalar folklorınıń lirikalıq túrleri. „Tafakkur bóstoni“, 2019, 96 b.
2. Qálenderova A. M., Házirgi dáwir qaraqalpaq balalar folklorı: Janr evolyuciyası (Monografiya), Nókis, 2024, 132 b.
3. Qurbanbaev I., Qaraqalpaq balalar ádebiyatı: Pedagogikalıq oqıw orınlarınıń talabalarına arnalǵan sabaqlıq, Nókis, 1992, 188 b.